बड़ीकालकरि गुम्म रहलहुँ। तहन कहलिअइन—सरकार, बगियान मधवन्नी दिन केओ गेनिहार होथि आर महाँक जिन्हार रहए तइ ओकरे हम हमरा देश पठा दिअ ...कइ ठमा अगमर हम काना रहब!

अइपर ओ हथलइथ आर बाजला— धुर बतहा। तोरा लेखे केहने फूलबाबू तेहने महेनबाबू। हमरो आकर घरमे रहइ दिअइ, बोन मे पड़ा रहइ दिअइ। मास दु मास मे मालिक सहल सं बहरबे करथुन, तो अपने अगुआइ कइ।

महेन बाबूक ई बिचार चिरेता नाहित छीन बुझना गेल। हम सोचली जे बाबू कोनमि बड़ा मतलबी होइ छथि। दिनक नोकर-चाकर भागि गेल हेतैं हमरा पर एतेक जोर दए रहल छथि, नहि तइ मंगली मे कनरा मे अन्न-पानि देत केओ। तइपरो दिनका ओहिठाम दस दिन रहि देखबाक चाही। एना एसगर गाँव आमन कइ मलिकाइन खोंदि छोड़ि कए सबदा हाल जानि लेतीह। ई सब बात जखन फूल बाबूक माए-बाप बुझथिन तो हुनका लोकनिक मोन हरबड़ा जेतनि। मालिकक माए तो अन्न-पानि छोड़ि कए जान देबापर उतारू भए जयथिन्ह। ई सब अपराध हमरे माथ पर पड़त। बाप रे! ई तो भइ नहि सकैत अछि।

मोने मोन हम निश्चय कयलहुँ जावत फूलबाबू जेल सँ छूटि कए नहि औताह, तावत तक हम गाम नहि जाएब। महेन बाबू छीके कहैत छथि, तेहने महेन बाबू, तेहने फूल बाबू। बाजब भूकब, रहनाई तहनाई रंग-ढंग सब एके

छैन। [illegible] कठिन थल मे तूनू मे के घनैत हेतइ आ के बीस। तइ बुझ-पड़ ही गाई। अल्ली-बल्ली वसु जत ठीक केलहुँ आ अंगला-खिड़की बन्दिना भर्ती बन्द कइ देलियैक। अपन कपड़ा-लिलोना, लिट्टे-पिनसिल निकालि कइ बाहर राखल। मकान मे ताला ठोकि महेन बाबूक संग चलि गेलहुँ।

महेन बाबू बड़ा खुशी भेलाह। घरक विषय मे बहुत बात ओ बाटे मे हमरा सँ पूछि लेने छलाह। बाप मरि गेल। दाइ (आजी) मरि गेल। माए या छोट बहिन अछि। दू-तीन बरख तक महीसक चरोनी केलहुँ। ई सब बात महेन बाबू हमरा सँ पूछि लेने छलाह।

सड़कक बाहर बाँकीपुर मैदानक संग एक बड़काटा बंगली लाल रंग मे रंगल छलैक। ओ बंगले हमरा भीतर लइ गेलाह। हमर मलिकाइनक उमिर कें कनी नमहर महेन बाबूक माए पीढ़ी पर बैसल तिल मे सँ कंकड़ी बिछैत रहथीन। महेनबाबू हमर काम्ह पकरि माए, के कहलथिन—माए, ई फूल-बाबूक नोकर छैन। माँजी हमरा एखी सं ठियला भरि देखि बजलीह—फूल बाबूके ई कि सनक अलवार भइ गेलैन? गाँधीजी नीक बरक नेता सबके बिगारबाक ठीका लए लेलैन्ह अछि कि? पढ़ब-लिखब छोड़ि कालेजक विद्यार्थी सब आब नूने बनौते कि?

एते बाजि ओ पूर्ण भगवानक दिस हाथ उठा कए बजलीह—हे दीना-नाथ! आहाँ एहि नेता लोकनि कें बुद्धि दियौन।

नमहर मकान रहैक। बड़का-बड़का बारहेक कोठली छलैक। आँगन मे श्याम, हरसिंगार आ मेघोक काम छलैक। हम ओही काम लगक दिस एकर-बकर तकैत छलहुँ कि माँजी भनसिया कें तोरपारि कए कहलथिन—बाबाजी, फूलबाबूक नोकर आएल छैन्हि एकरो भानस हेतैक।

हमरा महेन बाबू लइकइ अपना कोठली मे अएला। अपन कोट उतारि

खुट्टी पर टाँगि देलथिन। कुर्सीपर बैठलाह आ इशारा सँ हमरो बैठए कहलनि। हम नीचा फर्शपर बैठ गेलहुँ। कोठली बाहर, आ नम्हर छलैक साफ सुथरा। एक पलंग, कुर्सी, टेबुल, किताब सँ भरल रैक आ कपड़ा टाँगए लला खुट्टी। पलंग पर चनमा जकाँ कपर टाँगल मुकहरी, पैर पोछक पायोश। ई सब बड़ बढ़िया लागल

महेन बाबू बंगाली छलाह। हमरे मालिकक संग पढ़ैत रहथि। दुनूगोटा मे बड़गाढ़ दोस्ती छलैन। मालिक के घर सँ भूजा, दही, अचार, सब खाएल रहथिन ताहि मे सँ आधा महेन बाबूक घर पठा देने रहथिन। महेन बाबूक माए-बाप सब हमरा मालिक कें चीन्हैत छलथिन। ओ लोकनि फूलबाबू कें अपने बेटा जकाँ बूझैत छलथिन।

बंगाली लोकनिक परिवार बड़ भरलपूरल रहैत छैक। हुनका लोकनिक घर गृहस्थी, लेनाइ-पिनाइ, ओढ़ब-पहिरब, सब देखबाली (बंगाल सँ पश्चिम लोकनि सँ भिन्न। महेन बाबू आठ भाई-बहिन छलाह। एकर अतिरिक्त घर मे माए-बाप, विधवा मौसी, दू नौकर आएल भनसिया, लकड़ा सब बाबाजी कहि कए ओर पारैत छलैक। एक बड़का एस्टेट छलैक हो भाई। महेन बाबूक पिता सिकरेटरियट मे अफसर रहथिन। आठ सौ रुपैया महीना पबैत छलथिन। बारह बालक पुरान नौकरी छलैन। बंगालक पाछू मे करीब दू बीघा खाली जमीन भेटल छलैन। आगा दरिसर भागक कोठल-घोटल छोटथिन मैदान-नीमक दू टा भूकैल छमैल दुआन गाछ। काठक छोट टा फाटक साहेबक मोंच पड़ी पर झिलल रहैन। हुसा नें बुकब सँ पढ़िने ओइ पट्टी पर छोहर आँखि पड़ि जैतह।

हुनका आँखिताम चारि दिन रहिकए हमरा मोन कें बड़ आंतोष भेल। महेन बाबू हमरा अपन चाकर बना कए रखने छलाह। केओ विरोध नहि कैलथ। नौकर के ओ मना कए देने छलथिन—आदर्श हमरा कोठली मे बलचनमा झाड़ू देत। हमर चाय आदर्श बलचनमे अइ टेबुल पर आनिकए राखत। हमरा धोती कें बलचनमे चुनिआयत। कहबाक तात्पर्य ई थिक जे विशेष मे महेन बाबू हमरा सराबोर कए देलनि। सुदा हो भाई सब, एतेक कहबी भला हम अपन फूलबाबू कें कोना बिसरि जैतहुँ

फूल बाबू बड़ा मोन पड़ैत छलाह। एसगर मे कतेक बेर करेल काटल, कतेक बेर आँखि भरि आएल—से कहि नहि सकैत छीअ। साइ दिन गांधीजीक बड़ ओर छलैन। धड़-पकड़ जारी छलैक। सरकार बहादुर दिस सँ कानून छलैक जे नून तब नहि बना सकैत अछि। गांधी महतमा सरकार कें झुकबए चाहैत रहथीन। अँगरेजी सरकार अपना जिद पर अड़ल छलैक। कलकत्ता बम्बईक गेड़ मजदूरक लोकनि तेहो भीतरे-भीतर गांधीजीक पक्ष लैत रहथिन। हुनका लोकनि कें साफ-साफ देखए मे अबैत छलैन जे लोराक मेला पर सबसँ बल्कि नफा हुनके लोकनि कें होएतैन। सरकारक झुकला सँ लोराक आ लोराक मेला सँ जेसी सँ जेसी कल-करखाना फोलबाक अवसर, तब हुनका लोकनि कें स्पष्ट देखाइत छलैन। अखन जे देस के दूहि कए अकरैन कए आइत अछि से लोराक मेला पर तब हमरे खजाना मे आबए लागत...सन तीस-चालीसक जमाना रहैक। गांधीजीक हुकुम सँ बाबू लोकनि गिरफ्तार भए रहल छलाह। हमरा फूल बाबू के तेहो गांधी महतमाक हमा लागल रहैन। सुदा हमरा बूझ मे नहि अबैत छल जे किसान लोक बेकार अपना कें बरबाद कए अछि। ने मारि-पीट, ने मारि-मारि आले झगड़ा-झंझट। फेर किया पुलिस अकरी पकड़ि कए कए आइत छैक। सरकार पागल मे कए गेलैया। हम एक दिन महेन बाबू सँ पुछबो कैलियनि आ उत्तर मे ओ बहुत बात कहलनि सुदा हो भाइ हमरा बूझ मे किछु नहि आएल। नेर-बेर

हम इयाद सांचैत छी जे बाबू के अखन अइसे नवयाक खेलैन तखन हमरो नेने अइसथि। ई जे दस दस, पाँच-पाँच आदमी कुर्ता, धोती, टोपी पहिर कऽ गदा मे नाला पहिरने चढ़ल्हा खेली जकाँ नून बनाबऽ आइल रहथि तऽ हमरो ई बाबू लोकनिक एकटा खेले बुझना जाए। अहुना कहिया कनरा तोरान भेटलैया।

अधिक काल तक गुम-सुम रहबाक अवसर हमरा महेन बाबूक ओतऽ कहियो नहि भेटल। हमरा उमिरक बच्चा सँ डुनकर घर भरल रहैन अपना भाए-बहिन मे नमहर महेन बाबू छला, भाए तेसर आ चारिम बहिन उमिर मे हमर एलेक टा रहैन, चारिटा छोट-छोट। ओ कहियो हमरा कखन नहि रहर देलनि। बड़ा बाबू आ अम्माजी सेहो हमरा पर नजरि रखैत रहथि। पन्द्रह पन्द्रह दिन पर हजाम अबै आ बच्चा सबके केश काटि जाइ। शनि दिन कऽ भोल कपड़ाक मोटरी लऽ कऽ धोबी अबैक। भोजन मे दू एक तुकड़ी माछ नित दिन अवश्य भेटि जाए। हम नहि चाहैत रही कि चाय पीबाक लति पकड़ ओहो महेन बाबू हमरा जबरदस्ती पिअबैत छलाह।

आर हमर काजे की रहए? महेन बाबूक घोड़ बहुत सेवा टहल आ साँझ कऽ छोटका खोड़ा बाबू के रथरक पहिया बला छोटका गाड़ी मे घुमा लेनाई। बड़ा मौज छल। भरि पेट खेनाई आ ताजि कऽ सुतनाई। हमर ओ छोटकी भलिकाइन आ एहि अम्माजीक बीच अकास-पताल अन्तर। एतए हमरा केओ कहियो गारि नहि देलक। केओ कुत्ता हुआर नहि कहलक। केओ कान नहि अंइठलक। उनके एतए महेन बाबूक छोटकी बहिन तब तमगर आ कमेरक भुमका सँ हमरा कानक काज लिगार करए। एक बार कहिअ, कहबाक तऽ नइ कनरो। नइ कहबहक तऽ कहबऽ। अच्छा तऽ सुनह। हमरा सँ लाल जइ मासक छोट खुल। अनीता नाँव छले ओकर।

[illegible] छोटकी बहिन [illegible] आ दू ना ई ओकरा सँ नमहर रहै [illegible] गोल चेहरा, बड़का-बड़का आँखि, चाकर कपार, चाकर-चाकर ठोर बाली छोट-छिन मासुमि [illegible] ओ। मालगान लिखाबक हेतु हुनका ओहि-ठाम मास्टर अबैत छलाथिन। पढ़ाबक हेतु तऽ फराके मास्टर रहबे करैक।

बंगाली लोकनि बड़ा मौजी होइत छथि। खाली खेब-पीब, पढ़ब-लीखब आ कपैट पैसा नहि, नाच-गान आ रंग-रंग सेहो चाही हुनका लोकनि कें। ठीके ने छइ हो माई केओ अगर ठेकान सँ जिनगी बिताबे तऽ कि हर्ज? तऽ हो माई, ओ अनीता खूब कढ़िया नचै। गला सेहो आकर बड़ मीठ रहै आ हमरा तऽ खूबे भाने। किछु दिन तक तऽ हम ओकरा सँ दूर भगैत रहलहुँ। मुदा देखल जे बेचारी चोराकऽ हमरा खेल बिस्कुट आ चोकलेट लबैत अछि। एक छोट-छिन कक्षा आ एक ऐना कतो सँ आनि कए ओ हमर [illegible] आ [illegible] दादाक (महेन बाबू) संगे रहैत छी। अहि ठाम एतेकटा ऐना राखल छैक। कहियो-कहियो ओहि मे अपन चेहरा देखि लेब कऽ

किछु, कि अछि हमरा चेहरा मे? हम जे ई पुछलियै तऽ अनीता हमरा दहिना गाल मे एक थप्पड़ मारि कहलक—रहतो की? तोहर केश बहुत बढ़िया छैक। सोन सन केश सभ के नहि होइत छैक। एहि केश मे ककबा जकाँ फिरबाक चाही। कनीकाल बाद फेर बाजल—हम राधा बनब आ तों कृष्ण बनिकऽ हमरा संगे नचबे?

ओकर देखल तऽ की कहत?—हम ओकरा दिस देखि कए कहलियैक।

हमरा कान मे ओ फुसफुसा कऽ कहलक—दुपहर मे कहाँ केओ रहैत छैक? आ नाचऽ घर मे घुरब नहि पहिरब। ने घुंघुर झुंघुरक आवाज हेतै आ ने केओ बुझतै—। एकरा बाद अपन दूनू हाथ हमरा कन्हा पर राखि बजुर

दृष्टिएं अनीता हमरा सँ हँ करा छेलक [illegible] दिन [illegible] मौन दिन बाद अवसर भेटल त हमरा लोकनि खूब लड़लहुँ। आउ कलाक तक हमरा अवैत नहि छलि, तखन अनीताक हठ छलैक से हो भाई हम आकर बात राखि देलियैक।

फूल बाबू फागुन मे छुटि अएला। महेन बाबू कुलनाइ शरीफक केस जेल मे जाकऽ हुनका सँ भेंट कऽ अएल रहथिन। हमरो कुशल-क्षेम पूछि आएल रहथिन, छुट्टिये [illegible]

अपना मालिक के लेबिते हमर मोन मौन गेल [illegible] हमरा आँखि मे देखल लगलाह [illegible] हमर आँखि भरि आएल। [illegible] हमरा [illegible] अथवा पहिनुका चियोक।

फेर ओ अपना जीवन क्रम नहि गेलाह। महेन बाबू अपन मालिक मुंगेर गेल रहथि। ओही दिन साँझ कऽ मालिक अपना डेरा मे चलि अएलाह। हम देखल जे मालिक बहुत परेशान गेल छथि। साँझ-प्रात गाँधीक भजन गबैत छलाह। जेले सँ गीताक एक छोट पोथी लए आएल छलाह। किछु दिन बाद बक्सा मे रहए वला एक चरखा खरीद लएलाह। खेन-बिन सेहो हुनकर अवलि गेल छलैन। मगला सिरचाई किछु मे। सरकारी जमीन कऽ खाइत छलाह। एक दिन देखल जे कटोरी मे गहूम भीजऽ देलखिन। हम तऽ बूझि नहि सकलियैं जे एकर कि हेतैक। दोसर दिन छानि कऽ गहूम के प्रीमल अंगपोछापर पसारि देलखिन। प्रातःकाल गहूमक दाना अंकुरा गेलैक तऽ फूलबाबू एक-एक दाना कऽ खाएलनि। कहियो बसमत आबू, पिआज आ गुड़ पर रहि जाइत छलाह। हमरा तऽ हो भाई अन्देशा भऽ गेल जे ई [illegible] गेलैन अछि।

[illegible] रहैत। गाँव-घर लएबाक तऽ नहि सुदा दरभंगा लाए कांग्रेसक काज करबाक विचार करए लगलाह। महेन बाबू बीच-बीच मे आबथि आ दूनू मे देर-देर तक गप्प होइन। हम छलहु जकाँ हुनका लोकनिक बात सुनी। अपन मालिक आ महेन बाबूक कृपा सँ अक्षर मे मात्रा कनेनाइ आब हम सीख गेल रही। कऽ तऽ कऽ बच्चाक पहिल पोथी हम पढ़ए लागल रही।

फूल बाबूक मोन पढ़ाई सँ उखड़ि गेल रहैन। माए बापक घर आब हुनका नहि छलैन। ओ महेन बाबू सँ एक दिन साफ-साफ कहलखिन—हो भाई, हमरा मे हँ मन नहि देखइ। घरक लोक सब हमरा वकील बनाएए चाहैत छथि। वकालत मे गाल-बाल मे मूल बजाए पड़ैत छैक। अन्य कोनो बोसर-नेसर नौकरी सेहो हमरा सँ नहि हेतै। एतेक जमीन अछि जे हमर माए बाप भूख नहि मरताह। अस्तु अपना देशक सेवा करए दऽ। तों बैरिस्टर बनबऽ, विलायत जेबह। तोहर रस्ता दोसर छह आ हमर दोसर।

पहिला दू मास मे हमरा माए के नौकि पाँच-पाँच रुपैयाक मनिआडर पठौने छलखिन। जेल सँ अएलाह तऽ पाँच रुपैया फेर पठा देलखिन।

[illegible] हमरा सँ ओ कहए लगलाह—[illegible], महेन बाबू ठाम नौकरी करबे। हम तऽ पढ़ाई आब छोड़ि देल। दरभंगा समस्तीपुर, मधुबनी, मुजफ्फरपुर, पटना जाए कांग्रेस पठाबेत ओतए रहि कऽ काज करब। आब हमरा नोकर नइ चाही। गाँधीक हुकुम छनि जे अपन नदी सेहो अपने साफ करए। अपन कपड़ा अपने साफ करए। अपन भोजन अपने बनाबे।

हम रहिने सँ चुप्पे रही। कनीकालक बाद हम कहलियैन—चारि-पाँच मास भए गेल। माए मोन पड़ैत अछि। घर जाए चाहैत छी। माए के विचार हेतैक तऽ फेरो पटना आयब। अइ पर ओ बजलाह—तऽ चल दरभंगा तक संगे। ओही दिन राति अहाज सँ हमरा लोकनि देशक (गाँव) दिस विदा भेलहुँ।

३

हमर छोटकी बहिन रेवती चौदहम बिता कऽ पन्द्रहम मे पैर राखि चुकल छथि। चेहरा-मोहरा खूबि बाढ़ल रहै। जवान भऽ रहल छथि। दुरागमनक येह ने बेस छै। हमरा समाज मे बिआह पर आते ध्यान नहि देल जाइत छैक अतेक दुरागमन पर।

हमर भोत रहए जे रेवतीक दुरागमन भऽ जाइक। मुदा हमर माए नहि चाहैत रहैक। सोकर विचार छलैक जे रेवती अधम बेसा अछि। दू-तीन बरख आरो नइहर मे खेल-खा लिए, फेर तऽ जिनगी भरि गिरहस्तीक पहाड़ माथ पर ढोबाक छैक।

माए जे एना सोचे सकर एक दोसरो कारण रहै। बात ई रहै जे हमरा लोकनि लोहि छोट परिवार मे सब मिलाकऽ तीनिए गोटे रही; बाऽ बऽ कऽ हम, रेवती आ माए। हम बाऽ माए पर देखा मे रहि जाएल रही। रेवतीए रही जकरा छाती लगाकए माए सुतैत रही। रेवतीक दुरागमनक बाद माए एसगरि भऽ जाइत। हमर रहनाई आ ने रहनाई एके रंग कारण माएक देख-रेख, हिफाजत, खेर-खबरि आ परवरिश तऽ हम कऽ सकैत छलियै मुदा रेवती लकाँ ओकर सहेलीक अभाव हटेबाह हमरा हुआक बाहर छले।

हमरा एतबे चिन्ता रहै जे जमीन्दारक गाँव छैक। ई लोकनि खुल्ला हीरत छथि। बसूल-तहसीलक काज गुमस्ता बराहिलक माथ, घर गिरहस्तीक

देख भाल छोट भाइ पर रहैक। काज बहिया खेबाक माथ, खेत बचलाह बेटा माली, भाई-भातीज, आ बाप-बरबेटा से बैसल बैसल ताश पीटता, इन्दर खेलता, शहर जाऽ कऽ सिनेमा देखि ओताह, बेकार भोग शैतानक घर। खेत पिन आ आराम्क कसिए नहि, काज कोनो करताह नहि ककरो बेटी बयान भेले नइ कि निशाना लगाबए लगैत छथि। ई नई कि बहिन-बेटी सभक एके रंग होइत छैक। अपन इज्जत आबरू जे सम्हारे तऽ दोसरो के नीक होएत छैक। मुदा हो माई! जिनका लोकनि कें धन होइत छन्हि से निरट आन्हर होइत छथि। अपन आन किछु नहि सुझैत छन्हि।

आ हम तऽ गरीब ब्रह्मण्ड। हमरा लोकनिक धन आर होइछै कि अछि, एक ए-खटा लेनाई दुनू हाथ, माए बहिन-बेटीक इज्जत आबरू, येह ने हमरा लोकनिक धन अछि। सोही कहऽ, हमरा लोकनि एकरो रक्षा नहि करी तऽ ई जिनगी कोन काजक।

हमर गाँव जमीन्दारक गाँव छल। बड़का घरक कि जवान आ कि बूढ़ सभक आँखि पाप मे डूबल रहैत छैक। दुरागमनक बाद केओ बबकनिया ककरो घर अबैत तऽ नहि खुल्ला लोकनिक आँखि ओकरा चोथक चाकचौबन्द रहैत छै। आमक बाग आध-ओध दृष्टि सँ देखि ने लेताह ताबत धरि बदमाश लोकनि कें रात्रि मे निन्द नहि हेतैन। कतेक बेरतक एहन भऽ जाइत छैक जे जकरा देखए लेल बाप दरान ककरे लेल बेटा परेशान। साइदिन पालिक सभक राज रहैन। हुनका लोकनिक खिलाफ ओ अपन छोटको कोंगुर मे उठा सकितह। ककरो इज्जत आबरू के बेदाग रहए देब हुनका लोकनि के एहा नहि छलैन।

हम नई चाहैत छलहुँ जे हमरा बहिनक शरीर पर कोहि खुल्ला लोकनिक हाथ पड़ै। हम नइ चाहैत रही जे हमर माए अपन बेटीक आमदनीक साधन

बनाबे। गरीबी नरक छूट हो गाई! नरक चाउरक चारि दाना छीटका महेसिया सेना चिड़िया के फलबंद छैक ओहिना ई धनवान गरबू लोकनि स्त्रीगनके फंसा लैत छथि। हुनका लोकनि के पास धनो होइत छैन्ह आ बुद्धियो। हुनका लोकनिक सोसा अपरमपार थीक। नमहर खानदानक अवारा सँ अवारा लोक पण्डित आ पुरोहित सँ मलमनगाहतक पदवी पाबि जाइत छथि।

से हो भाई! हम चाहैत रही जे रेवनी आब अपना गरबू के संग रहे। बाबू लोकनिक गहि बस्ती मे अपना बहिन के रहनाइ हमरा पसीन नहि छल। छोटका मालिक आ मंझला-मालिक आ छोटर पटीक बाबू बबूआन ककरो पर हमरा भरोसा नहि छल। आ आब तऽ हम एहना देखि आएल रही। महेन बाबू कि राजा नहि छलाह? हुनका ओहि ठाम कि सुन्दर स्त्री पुरुषक कमी छलैन? ओहन जगह पर रेवनी के चारि-छह मास रहि जायब हमरा नहि अछरइत। महेन बाबूक घरक लोक सब नीक नजरिक छलाह। मुदा एहिठाम महेन बाबूक परिवार हमरा कोन काज अबैत? एत तऽ छोटका आ मझिला मालिक रहथि। मलिकानक नैह पड़ी रहैन। होरा बाबू, बुच्चन बाबू, मालिकजी, बचोलबाबू, लालमोहन—मालिकक ढाका भरि ग हरजाइ रहथि। एक मऽ एक शैतान। एक सँ एक मगनू। हतऽ मऽ नहि सकैत छले जे हमरा बहिन पर हुनका लोकनिक नजरि नहि रहल होनि।

हमर माए ई बात नइ बुझै, ओकरा मालिक सब पर बड़ भरोस छलै। समझैला सँ ओ एतबे कहइ, पानि मे रहि कऽ गोहि सऽ झगड़ा? जिनका लोकनिक ऐठ खाकऽ तो एतेकटा भेलहु हुनके लोकनिक विषय मे एहन-एहन बात सोचैत छे। अधरम इनो रे बलधनमा, अधरम भगवान बिगड़ि जैथुन। शहर जाकऽ इयाद किया लोक एलेऽइऽ। सोहर बाबा-आबा तऽ सेहो दिनके

लोकनिक ऐठ खाकऽ फेरन-फारन पहिर कऽ जिनगी बिता देलखुन, एहन उड़न्त उड़ बन गेला।

हमर माए ओहिना सोचैक। छोट मालिक दोसर स्त्रीगनक सेहो मालिक लोकनिक विषय मे एहने किछु विचार रहैक। खसल अवस्थो मे तऽ ओ लोकनि मालिके छलाह। मालिक लोकनि राजा होइत छथि आ राजा भेलाह भगवानक अवतार। हुनका लोकनिक खिलाफ के किछु सोचि सकैत छल?

मुदा गतरि हमरा बुझैबाक फल ई भेल जे माए किछु सोचबाक देइ मजबूर भेल। सो राजी भऽगेल जे रेवनीक हुरगमन कऽ देल जाइ।

बैशाखक मास रहैक। ओह साल आम नहि फरल रहैक। आब हमरा पूरा अनोरी भेटऽ लागल। कच्चा लोस मे पूरे चारि सेर धान हमरा अनोरी मे साहि दिन माए के भेटलैक आइदिन ओ मानन्दक धार मे बहि गेल। एहि बुड़िया मिलमंगी सँ ओही खुशी मे ओ आधा सेर धान कऽ देलकैक। ओह राति जखन हम खाए बैसलहुँ तऽ बड़ा सिनेह सँ माए हमरा रोटा ठोकऽ लागल। ओकरा नजरि मे हो भाई आब हम पूर्ण आदमी भऽ गेल छलहुँ। छलहुँ मे।

हमरा ओहिठाम छोटका जाइत मे मऽहुआक बड़ आदर छैक। महियो-कहियो ओनि मे धानक बदला लोक मऽहुए के पसीन करैत छैक। अस्तु गरीब के लेल थोड़ बहुत उपरारि जमीन होइत छैक ओहमे ओ मऽहुए रोपनाइ पसीन करैत अछि। बैशाख मे पानि पटा-पटाकऽ मऽहुआक बीजा तैयार कऽल जाइत छैक। ओकरा निरबिन पाइन चाही, बीत-बेर बीतक भऽ गेला पर मऽहुआक बीजा उपारि लेल जाइत छैक। फेर ओकरा जोतल आ भुरभुरी माटिवला भीजल खेत मे रोपल जाइत छैक। मऽहुआक श्याम-सलोना डाँट-पात सँ लहलहाइत खेत तो कहीं देखने छइ। नहि देखने छइ तऽ देखि अजिऽ

भैया मोन हरिभर मइ जइतइ ! धानक [illegible] करके शोभा छइ छ सौंवलिया बिहारी मधुशालाल के अपन फराक।

घरक पाछू मे हमरा सोरेक जमीन रहइ। अइधेर हम अपने मालिकक पोखरि सँ पैल भरि-भरि कइ सपलौं। हमर बाबू सेहो अँगना पानि भरि-भरि कइ मधुआ-पटबैत रहथि। सीक पटइ सँ पानि भरबाक अवसर मइ सँ पहिने हमरा कहियो नइ भेटल छल, तइयो नाँइ ओइ आ उमंग क ओइ बेर मधुआक खेती हम कएलौं से हेलिकइ सोक सब देग रहि गेल। एमहर कनेक थकावट बुझाएल कइ बीड़ी टानि लेलहुँ। बीड़ी पीबाक इ हिस्सक पटना मे लगाल रहे। अकेला पर बीड़ीक एकाध दम या नीक लगे छइ हो भाइ! आ फेर हमर मइ इ हाल अछि जे दू दम खिचलौं कि फेर भिक्षा देल आ ओइ अधजर बीड़ी कें कानपर खोसि लेलहुँ। तीन बेर मे हम एक बीड़ी खतम करैत छलहुँ।

ओ हमर बचपनइल पहिल फसल छल। केद कइ खेत मे ६ पसेरी मधुआ भेल छल। अपन मेहनतिक फल केहन मीठ होइत छइ। अपन उपजाइल मधुआक रोटी सँ पेट तोहर भलेही भरि जाय, हियाब नहि भरतह तोहर, हँ!

मधुआक बाद धान रोपबाक दिन अएलै। मालिकक खेत मे दिन भरि श्रम धान रोपैत रही आ घरक सब काज माए आ रेवती बाबू सँ थाकल माँदल, मेहनति सँ चूर-चूर जखम सोक कइ हम घर आबी तइ घर मे भोजन तैयार पाबी, दुपहरक भोजन मालिकक बिस सँ खेते मे पहुँचि जाइत छल—दालि, भात आ अचार। धनरोपनीक दिन मे इ लोकनि खेतक पनकि भोजनो करा देत छलथीन। अइमे बचा-मपाक कोनो काज नहि, हुनका लोकनिक अपन खास काज करै छैन। अपन-अपन खेत पहिने तैयार करा लेताह

फिफिर पसुज रहैत छैन। दूर दूर सँ जन पनाओल जाइत छैक। सबके बछड़ा-दादा, कका कइल जाइत छैक। सुगा, राधा आ मुन्नाक बोलो देल जाइत छैक। पूरा बोनि आ एक बेरक भरि पेट खेनाई कइ कइ सब अपन-अपन खेती करैत छथि। ओइ काल पहिल बेर हम पूरा बोनि पर धनरोपनीक काज [illegible] छाटकी मालिकाइनक किछु दिनक लेल नैहर गेल रहथि। नौकरी छोड़ि कइ मालिक घर बैसल रहथि। खेतीक काज मलिकाइनक भाई-देखैत रहथीन। मालिक बाबू दिन भरि किताब आ हरमुनियम मे डूबल रहथि।

माए हुनका ओइठाम घरक काज पहिने जकाँ अखनो करैत रहै—बासन धोनाई, पानि भरनाई, झाड़ू-बारहनि देनाई, नीपब-पोतब, चुल्हा चरा कइ भातक चढ़ा देन इ इयाद सब काज चलैक। काज बेसी नइ, तइयो लबटोनी नइ चलै। अपटोनी मानि बुझलइक हो भाइ! नइ बुझने हेबइक। हो भाई एक ओइ छइ काज लेनाई—चटसँ कइलहुँ आ पट सँ काज भइ गेलैक। दोसर ओइ छइ चिरोर-पिरोर कएनाई। चिचिर चिचिर भाने ओइ छइ अपनो फरूट मे पइल रहनाई आ दोसरो के ओझरौने रहनाइ। ने अपना समयक कदर आनै दोसरक। देहात मे जे नम्बर लोक कइलेल छथि, हुनका ओइठाम ने कायक मूइल आनइ कमासुत भइनक। हमर बाप-दादा लोकनि दू-दू पहर बैस कए मालिकक ओंगुर चटकर्थिन। मालिकक छोट छिन लेनाक पैर पोछइ मे हुनका लोकनि के कतेक घंटा लागि जाइत छलैन। बूढ़ा मालिक हेतु तम कुर्सी चुनाबइ मे आधा पहर लागि जाइत छलैन। सुनै छी जे हमर दादा बहुत बढ़िया खेमाती करैत छलाह। अपना मालिकक बाती के ओ इहन नेही कइ सुनिअबितथि कि केआ बाती के फूकिरइ तइ सर सँ चढ़ि जाए आ फेर जहिना के तहिना बैस जाए! मालिक ओ एन करथिन कि पागल सँ पागल आदमीक ओंगि पर नीन सवार भइ जैतनि छइ

बनावट मे रस कोल तक हुनकर बसा रहैन। सुवा की भाई। हुनकर तरहत्थीक सब रस घाटिकेइ मालिकक तथा वह गुलाब बनल रहल होनि, अपन बाल-बच्चा हुनकर खाइते कहियो भरि देह कपड़ा अथवा भरिपेट भोजन कएने हेतैन। तीन पुरखाक हाल तक हमहू कहि सकैत छिअइ। मालिकक ऐठक सुन गबैत आ हुनका सालकिक छिकट सं-चिपट गारि के पंक्तिभाव सं सुनैत हम अपना दादी कें देखल। राति-दिन सेवा करिते रहलइ। पाथ-माथ पाथ खुद्दीक खेल हमर माए कीना दिरिआइत घुमे से घिनरक मात छइ? आ अपना बचपनक थोड़ बहुत हाल हम कहिए देने छिअइ। आब तोही कहह जे हमर तीन पुरखा कीन काज अएलो। मालिकक खेल खेला आ मालिकक खेल मरलाइ। शहर मे देखलिये केहन पुर्जा सं लोक काज करैत अछि, केना एक दोसरक मेहनति आ लगनक हुनका लोकनिकें ध्यान रहैत छनैन। आह, तीन पुरुख पहिने जे आदमी कलकत्ता टाटानगर मेल से ओहे बसि गेल। ओकरा लोकनिक बाल-बच्चा सब पढ़ि लीखि मेलैक अछि हो भाई, नीक-निकुस पहिरैत खाएत अछि। बाबू, कारीगर, मिस्त्री, फोरमैन आदि बन गेलै। आ सात पुरुख हमरा ओइ गाँव में रहैत भऽ गेल, फटीचरी मे कोनो फर्क नहि पड़ल। दादी के मुँह सं सुनने छी, हमर पुरखा पहिने धनिचोम मे चहिआ-गिरी करैत रहथि। हमरा परबाबाक परबाबा कें ओहिठामक एक जमींदार दरेज मे जमाइक संग भऽ देने रहथिन। तहिया सं लगभग ई सातम पुरुख बीत रहल अछि। दुनिया जहान बदलि गेलैक अछि। मालिक लोकनिक दशा बदलि गेलैन अछि। हमरा लोकनिक गुलामी पर काफी असर पड़लैक अछि मुदा अखनो तक मालिक लोकनिक रहन-सहनक ढंग रहलैन कि राति दिन हमरा लोकनि हुनका पाछा नागरि घिसैत फिरैत छलकै। काज ओतेक नहि अछि कि

खुशामद। हमरा लोकनिक मुँह सं दिन मे पचास-पचास बेर मालिक-मालिक, सरकार सरकार, हुजूर-हुजूर सुनइ मे आबि गइ बाबू लोकनि कें की रस अबैत छलनिह। आ माएक तऽ किछु पूछइ नइ, जो तऽ बात-बात मे मलिकाइन-मलिकाइन, सरकार-सरकार रट लगौने रहए। कलकतिया, मालदह, किसुनभोग आ बम्बई आमक एक कतरा खेल ओ कतेक घंटा तक मलिकाइनक पैर असेस रहैत रही।

छोटका मालिक रंगल चिक्कन आदमी रहथि। चालीस पार कए चुकल छलाह। मोंछ-दाढ़ी साफ। लाल-गुलाबी आ गोल मटोल चेहरा एहन सुन्दर लगैन से कि कहिअ। माथक केश कारी भुजंग रहैन, बँचठिया। टेरि फराक कऽ नहि छलैन। शहरक हवा जे खएने छलाह। बी० ए० तक पढ़ि कऽ छोड़ि देने छलाह। पहिने किछु दिन सुपौल मे मास्टरी करैत छलाह। बाद मे राँची, हजारीबागक दिस कोनो राजाक ओहिठाम मैनेजरी हाथ लगलैन। जायत तक बोतल रहथि, पीबो आगुर चीबे मे। एगहर दू-तीन मास सं घर बैसल रहथि। मलिकाइन रहथिन नइ। मोन उदास रहैन।

एक दिन माएक संग रेबनी सेही काजपर गेली। चीकस पीसबाक रही। माए कहलकै—दू हाथ लगा देबे तऽ जल्दी पीस लेब। मालिक मधुबनी उबाबिन, दिनकऽ आम, दूध आ फुलका खाकऽ। रेबनी सेही संग गेली। हुनु माए-बेटी चीकस पीस चुकल तऽ मालिक सोर पारलथिन-चलचनमाक माए, अरे तोहर बेटी तऽ बड़ि कऽ ताड़ भेल जाइत छो।

ई कहिकऽ ओ एड़ीसं शिखा तक रेबनी कें देखइ लगलथिन आ नचाकऽ बोलि घुमा देलथिन। सामने दीवर घरक ओसारा पर पलंग पड़ल रही। गद्दा, चादरि आ तकिया, जकरा दूधसन दप-दप उजर खोलपर काल-कलिदार

डोराक कसीदा छलैक—कोल मे लोल फिरौने टूटा सुनगा। ओही पर बेहुनी रोपने मालिक बैसल रहथि।

आँखि फाड़ि-फाड़ि कइ ओ रेवनी कें देखलखिन। चिकस पीस हेलाएर माए संग जखन ओ रेवनीक बात उठौलखिन कइ ओ [illegible]—बरनी कें बाबू जखन, की आइ पी कइ को ताड़ इलैक।

एते कहि कइ ओ फेर कोनी काज मे लागि गेलैक। नमहर माटि बलाक लोका मे हमरा घरक माए-बहिन बहुत कम अबैत छैक। ओहू मे सुन्दरी यदि मालिक आ नोकरानीक रहलैक तइ लिहाज आर बेसी अहि आइत छैक। सुदा भैया, बड़का लोकक चुलबुली बनियत के पछबे मे कतोय कतइ ओ लोकनि बेकार हमरा लोकनिक घरक स्त्रीगणक संग बिना मालक बात करबाक बहना तकैत रहैत छथि।

माएक ओहि उत्तर कें छोटका मालिकक मोन नहि भरलैन। कनी-काल माए कहलखिन—ती आइ आगि जरा बलचनमा माए, रेवनी एमहर आबि कइ कनी पंखा हौंकि देत। ई बाति कइ मालिक एहन मुसकार छोड़लैन जे मुकइ लेना आगि मे माँटा। कहिए छुकल छिल जे हमरा माए के मालिकक नेत पर बड़ा भरोस रहै। ओ हुनका लोकनि कें देवताक अवतार बुझैन। अस्तु ओ आँखि कें रेवनी के इशारा कएल कै जे या कइ कनी पंखा हौंकि दहुन।

पंखा नइ रहै, बिरनि रहै जे रेवनीक हाथ मे कइ देल गेलैक आ ओ आँखि नीचा कएने बिरनि चलाबइ लगलैक। बिरनि मे नूठक लग पातर बाँसक फोफी रहैत छैक। गोल आ चिकन फोफी के भीतर बिरनिक काठी पइसल रहै छैक। मुट्ठी मे लइ कइ कनिके डालगला कें बिरनि अपने कें चलइ लगैत छैक। कि ई फिर, फिर फिर, फिरिर-फिरिर बड़ मीठ आवाज

होइ छइ ओ भाई! बगल मे बैस कइ कैओ पंखा चलएतइ आ तों एहन-एहन हवा खाइत रहह, तइ लोहर सपन, हो भाई आँखि नइ लागि जाओ तइ जे कहइ।

रेवनी जखन पंखा करबे अलो तइ गइ कें मालिक गेलथा डर मे हाथ गेलथि आ अठन्नी निकालइलगि पलंगक। पोआक माथ चपटल रहै, ओही पर अठन्नी धइ देलखिन। रेवनीक आँखि मे लोभक दर्शि नइ रहैक, ओ अठन्नीक दिस देखबो नइ केलकै। पछिने जकाँ झुकिग रहि मालिक कें पंखा हौंकैत रहली। मोन मे सोचलक जे दोकान कें कोनो चीज वस्तु मँगाइत चाहैत छथि। अही कें चुपचाप रेवनी बिरनि चलबैत रहली।

एमहर मालिक के मोन मे तइ ओ भाइ घेलाय छिपुर जकाँ झकझोरैत रहैन। ओ सोचैत छथ हेताह, छौंडी छइकि खाँड़ि। नइ हिले डर मे डोले छइ। बेहन पाथर छइ। हुनका लोकनिक एहन सोचनाई बेकार नइ रहैन। कारण जखन ओ बुझान रहथि तइ अही गाँम मे एक दुअड़ी मे हमरा छौंडी भेटैत रही। रेवनी अहिग भइ कइ मालिक कें पंखा हौंकैत रहलैन। फेर मालिक अइनीक दिस इशारा करैत कहलखिन छइयेत किमाक नहि छे। रेवनी अठन्नी दिस देखि फेर पंखा हौंकइ लगलैन। कनी काल उपरि कइ मालिक सें ओ पुछलकैन—किछु मँगाइत के अछि सरकार, दोकान जाइ।

ई कहैत काल रेवनीक दृष्टि नीचा दिस रहैक। आँखि मे कोनो विकार नइ रही। एकतइ अइ अवस्था मे बेटी तब अहिना संकोची होइत छइ भाई, आ हमरा बहिनक तइ हाले मे पूछइ। मेने कें ओ शील-संकोचवाली छथि। आँखि मिला कइ कथो सें बातचीत करैत कहिओ ओकरा देखबे नहि केलियैक। ई सोचि कइ कि बनैया, मालिक हुक्कइ लगलाइ। आज हिलाकइ

भौंह तानिकऽ आँखि के' नचौलनि। ओ हवा करैत आ रहल छलै, हुनक कुविचार सँ अनाभ्यस्त।

अपन वहिन उमिर मे मालिक खेलल छलाह। एहन अवसर पर चुपचाप ठाढ़ वा नइ-नइ कनैत बीसी के ओ कहा पकड़ने रहथि। ई हुनका लेल एकदम मामूली बात छलैन। छीकऽ खाँसऽ लगतै तो भाइ बिल्कुल मामूली बात। मनला घर मे माए उमहर हाँसू सँ सनमनि कोरैत रहै। कनैत कहैत कहैत आइमीक डेगना कनैत हाइल छैक। चारि दिन पर हाइल छैक, बीच मे कुनटा लागल आ अइ लाभी जगह कें अपना कनैत छैक। पाखरि कहाँ चौकोर पर आँगन सँ देखने हेबइक। सोझा-सोझी घरक बीच बतैक दूरी रहैत छैक। कोइ ओसारा पर केओ बात करतै तऽ एमहर बलाकें किछु सुनऽ मे नइ अएतै। अइ ओसारा पर छौमासक बच्चा कंठ फाड़ि-फाड़ि कऽ मरि जाएत तऽ ओइ ओसारा पर बैसल माए के किछु पता नहि लगतैक। काज-परोजन मे परोसक हजारो आगन पाँती मे बैस कऽ भोजन करैत छथि। पचास-पचास मोन धान गुलाए सेल पसारि देल जाइत छैक। एतेकटा-टा अँगना होइत छैन्ह जमीनदार लोकनि कें।

तऽ ही भाई! मालिक के इयाद अवसर सुतलनि आ नट भऽ रेबनीक गट्टा पकड़ि लेलखिन। हाथ मटकि कऽ फुरती सँ रेबनी तू डेग पाछा भऽ गेल, बुझऽ जे लेबी ओकरा माथ पर एक सूप माटि राखि देने होइन। पंजो हाथ सँ छूटि गेल रहैक। चीलक बदला इयुक हाथ सुनि मालिक एकरा नाटक बुझलखिन आ पलंग सँ उठि कऽ आगाँ बढ़ल छ।

माए गे माए—रेबनी बकारि तोरि कऽ भागल तऽ मालिक जनदे ओर सँ तोर पारलखिन—कहाँ गेले गे बलचनमाक माए, तोरा बेटी कें तऽ भूत लागि गेलैक अछि। एक हाथ मे हाँसू आ दोसर मे छीलल तमाकुनिक फाँक

लऽ कऽ माए बहिनपरिया घर सँ बाहर भेलै तऽ रेबनी बेतहाश दौड़ि ओकरा सँ चिपटि गेलै—गे माए गे माए! ओ खेतोम सेहो आँगन मे किछु दूर बैठि आएल रहै आ मुखाएल गला सँ खिलखिलाइत रहै।

हमर माए एइन हएत बुझ भऽ गेल कि आँखि फाड़ि कऽ रेबनी दिस मात्र देखि रहल छलि। एमहर मालिक अपन चालि बदललनि। अपन बहिना हाथ हिला-हिलाकऽ जोर सँ चीकरइ लगला—होए् होए्! बाप रे बाप! धिनौ काटि लेलक।

रेबनी के छोड़ि कऽ माए दौड़ि अएले। अही बीच मालिक अपना बाँहि पर आने सँ चिकुआ काटि लेलनि, कि चेन्ह निकलि आये। एकरा बाद ओ माए सँ कहलखिन दू चुन्द मटिया तेल लऽ आउ।

अपना लोइठाम बिरनी कटला पर मटिया तेल लगबैत छैक। घर मे मटिया तेल रहबे नइ करै। ई बात मालिक के बूझल रहैन। लऽ माए के ओ कहलखिन बीस, कओ सँ चुन्द भरि मटिया तेल लऽ आ। ओमहर बहिनपरिया ओसारा पर बैस कऽ रेबनी सिसकि रहल छल। आँगन फेर सुन भऽ गेलै कारण माए मटिया तेल लाबए चलि गेल रहैक। लग मे आबि कऽ मालिक रेबनी सँ कहलखिन—पगली कहाँ के! भेलौ कि तोरा? हम तऽ अहिना तोरा छूबि देने छलिओ आ तों करम पिसाची खेलऽ लगलें। तोरे एतेकटा उमरि मे तोरा माएक दुरागमन भेल रहैक। आ अहिना पचीसो बेर हम मोकर हाथ पकरने हेबै.....

मूक-सोए मे हुनकि कऽ रेबनी जबाब देलकैन—आहाँ झूठ बचैत छी! एतेक जड़िकऽ ओ उठि ठाढ़ि भेल। दुनू हाथ पसरि कऽ आगाँ सँ मालिक ओकरा घेरऽ चाहलखिन। रेबनीक भौं अइसेर सनि गेलैक, चेहरा पर घृणा भरि गेलैक। हिम्मत बान्हि कऽ ओ कहलकैन—ई की भऽ गेल आह

आहाँ के मालिक ?' ...

सरकार'''सरकार''' । मालिक एहन हँसी हँसलनि कि रेवतीक शीश घूम भऽ गेलै । लाभाक भा बलपारीक ई खिलखिलाहट ऐंद्रजालिक और अबाध धाँड़ीक लेल बिल्कुल नव वस्तु रहैक भैया, एकदम नव वस्तु ।

डर सँ थोकर करेज काँपि लगलै, एमा काँपि लगलै, जेना केराक चिकन पात बतासक हल्का झिटका पाबि कऽ काँपि उठैत छै। [illegible] लेल बेचारिक हाथ सुन्न भऽ गेलैक । अचेत नहीं भऽ गेल सुदा रहल ठाढ़े ।

अनचोक रेवतीक भीतर बिजली जकाँ क्रमक लहरि दौड़ि गेलैक। थोकर अंग अंग थुरुक जे कन कन [illegible], प्रत्येक गेलनि [illegible] अलैक। छाती धड़कऽ लगलैक आ ठोढ़ फड़कऽ लगलैक।

मालिक अपना धुन मे मस्त रहथि। ओ [illegible] तय कऽ ने ने छल जे अइ अइ धाँडी कें अचुन नइ छोड़ब। बहुत दिन सँ हुनकर आँखि इमरा बाँझ पर लागल छलैन। ओ अवसर सकेत छलाह। आ देखक इच्छा, आइ अइ शैतान कें अवसर भेटल छलैक। एक साधुक मुँह सँ इम बहुत बढ़िया पद सुनने छलहुँ भैया। सुदा आब मोन नइ लगै आ पदक माने इयाद छलैक जे कामिनी आ कंचनक परीक्षा कऽकऽ मोन अखन खिसियाइत छैक तखन ओकरा ऊपर एक सँ बोतल दूध निशा चढ़ि जाइत छैक, से भैया ओहि दिन इमरा छुटका मालिक घर पें बोतलक निशा चढ़ि गेल रहैन। अपन होश-हवास के गबाँ देने रहथि।

अन्त मे जबरदस्ती ओ नीचा मे रेवती के पटकि देलखिन आ ओकरा देहपर काबू करक कोशिश करए लगलाह। पन्द्रह वर्षक ओ अबोध आ असहाय कन्या अपन सम्पूर्ण शक्ति बटोरि कऽ ओहि पस्त दशा मे सेहो मोकाबिला करऽ लागल कुकुर आ बिलाइक लड़ाई जाँ कहियो देखलहुँ

अछि। बेह हालत रहैक। इमर बहिन हारल नइ। ओ मालिकक गद्दा पर एते जोर सँ [illegible] गेल देखलैक कि समूर अचेत भऽ गेलाह आ रेवती बिजलीक फुर्ती सँ उठि कऽ भागि आएल।

एकराबाद जे घबड़ऽ उठलैक जो हमरा जीवनक रस्ते बदलि देलक।

बात ई भेलैक जे छोटका मालिक एकदम भागि बबूला भऽ गेला। मटिया तेल लऽ कऽ मार अखन हुनका लग गेलैन्ह लऽ ओइ बेचारिक पीठ पर ओ कमिकऽ चारि लात मारलखिन्ह। माए कानल नहि अइंचकऽ रहि गेल। रेवती कें अखन ओ ओइ ठाम नइ देखलकै तऽ कोनो भारि अन्देसा सँ थोकर माथ चकराए लगलैक। छोटका मालिकक एहि राक्षसी स्वभाव के ओ नहि जनैत छी, से बात नें रहै। ओ सब जनैत रहै। बेचारीक चेहरा उजर भऽ गेलैक। आ ओंठिक नोर सुखा गेलैक। आँगन के सून पाबि कऽ मालिक पाछा ओकरा पाबि भरक राखी सँ हाथ पीठ पलंग सँ बान्हि देलकै। माए ओ फुटि-फुटि कानऽ लागलि तऽ मालिक मुँह कऽ कहलखिन—माए साखी, अपना बेटी कें एतऽ लऽ अइये कि नइ ? बाप।

ओ बेचारी की जवाब दितैक। अपन मालिक डर सँ लोक कि नइ पाबि जाइत अछि। सुदा इमर माए बहुत बिलेर रहए। इमरा बाइ जकाँ बात-बात मे ओ दाँत निपोड़ि नहि जाथे। मोनक कमजोर नहिंयो भेला पर अपन इज्जत आ बानीक ओ बहुत पक्का छल।

ओइ दिन ओहनी दशा मे कोनो तरहें मालिक इमरा माए सँ कोनो तरहक पतन नइ लऽ सकला ओकरऊपर बहुत पिटाई पड़ल रहैक। कुहरि कुहरि कऽ समय कटलक। भेलक पेल नोर बहैलक, तइयो ओ नीचरि मालिक अइ शर्त पर मालिकक जेल सँ नइ छुटऽ चाहलक जे ओ हुनका आइ-काल रेवती कें लऽ कऽ

आयत। ओ पाछां मोर भरल आँखि सँ कानि-कानि कऽ ओ कहलक—बड़ुआ बालचन! मरि गेनाइ आज धुन नीक सुदा इज्जतिक सौदा केनाइ नीक नहि।

अपन बापक मुँह सँ एहन बात सुनि कऽ हमर छाती जुड़ा गेल। भागदेसे के' एहन बाप भेटैत छैक भैया। हमहूँ सै कानि लेतहुँ जाहि उजड़ि जाए पड़ए, जाहे अइल-बइल मऽ जाए, चाहे फाँसी चढ़ी, मुदा कहियो ओह जालिम के आगाँ माथ नइ झुकाएब।

हम ओहि दिन घर पर नइ रही, बाहर गेल रही। दूर नइ, लगे दू अढ़ाइ कोस। बात इ रहै जे महदूराक खाँन बहादुर मइलला खाँ इलाकेक बड़ा शौकीन रहथि। नवाबी खानदानी रहथि। बहुत बड़का जमींदारी रहैन। इलाका भरि मे इए टूटा खानदान रहैक जे कइरक सौ बरख सँ राज करैत चलि अबैत रहैक। एक खनदान इयाह हमरा मालिकक रहैन, आ दोसर खान बहादुरक। हमरा मालिकक बहुत जमींदारी छिका गेल रहैन। बसे-पाँच हजार गाछाना आमदनीक मौजे बाँचि गेल रहैन। ई छोटछिन जमींदारिओ बेंचि कऽ एकदम छोट भऽ गेल रहैक। सोलह आनाक सरकार छोट-छोट पट्टीमे बँटैत, एकन्नी, दुअन्नी, पैसा, पाँच-कौड़ी दू-कौड़ी आ आधा कौड़ी तक भऽ गेल रहैक। हमरा मालिकक एहन एक पट्टीक मालिकक नाँव पचकौड़ी बाबू रहैन। एक दोसरे पट्टीक कोनो बाबूक नाम तिनकौड़ी बाबू रहैन मुदा नवाबी खानदान। जमींदारी अखन तक ओहिना रहैक। पुरनका रोब दाब आन महदूरावलाक नइ रहि गेल छलैन। तइयो पचास साठि हजार रुपया सलीस बला जमींदारीक जेहन रोब होबक चाही से तऽ रहबे करैक।

खान बहादुर कें कुश्ती लड़बाक बड़ा शौक रहैन। बूढ़ा पहलवान तऽ ओ अपने बोलने छलाह। इनकर कहब छलैन जे हाथीक बदला पहलवान

पोसबाक चाही। तपारीक काज तऽ बाबी टम-टम सँ चला लेल जा सकैत अछि मुदा अखारा मे जखन दू पैतराबाज दू पट्ठा अपना मे लपटैत अछि तखन ओ आनन्द देखऽ बला कें भेटैत छैक से हाथी पोसऽ बलाकें की लाकऽ भेटतैक।

तऽ हम ओहदिन महदूरा बंगला देखऽ गेल रही। फिरलौंतऽ साँझ भऽ गेल रहैक। गाँवक बाहरे चुन्नी सँ भेंट भेल। ओ हमर नङोटिया संगी रहए। बेह पहिने हमरा टोकलक—के! बालचन!!

पाइनक नाला रहैक। ओह मे लाठी चोपिकऽ ओकरहि बले हम बाहर टपि अएलौं आ जवाब देलियैक—हँ चुन्नी, सबेर भऽ गेल। महदूरा सँ आबि रहल छी।

खूब कुश्ती देखने हेबऽ, के जोड़ा छलै? हम आगाँ बढ़िकऽ कहलियैक मोता, तोरा सेबे नहि कएलह। तोरा तऽ ने अपना महीस सऽ छुट्टी भेटैत छह आने महरानी सँ। महीस फोलैत छह तऽ महरानी बान्हल रहैत छथुन आ महरानी के चसैत छह तऽ महीस बान्हल रहैत छह।

हमरा हँसी आबि गेल। ओर सँ भमरा कऽ हम हँसि पड़लहुँ, मुदा ध्यान मे चुन्नी चुप रहल। हम सोचलहुँ-अन्हार छइ, चुन्नी मुस्काइत अछि। फेर पुछलियैक—चजैतनइ छइ? भौजी दुलसी मारलखुन अछि? चोट लागल छह तऽ चलह हम मालिश कऽ देत छिअह। पटना सँ तेल अएलहुँ अछि।

आब हम एक दोगराक लग आबि गेल रही। झाँकि कऽ हम देखलियैक, चुन्नीक मुँह बड़ उदास रहैक। फूलल ठोर मे सँ उज्जर दाँत सेहो उदासीक साबूत देत रहैक। लाठी के' बगल मे दबा कऽ दूनू हाथ सँ हम चुन्नीक कान्ह झकझोरि पुछलियैक—की बात छैक? एतेक काल सँ तोँ चुप छियाक छह? कोनो नवबात तऽ नइ भेलौ? तइयो चुन्नी किछु नहिं

बाजल। सिर सँ हमरा हाथ कें अपना कान्ह सँ छोड़ैत कहलक—किछु नहि।

एतेक बाजि आरि देग आगाँ बढ़ि चुन्नी फेर रुकि गेल। हमर मोन तऽ पहिने खटकि गेल रहए, आब सन्देह पक्का भऽ गेल जे दोस परोस मे कोनो अन्नर खराब बात भऽ गेलैक अछि। आब हमरो चुहलबाजी समाप्त भऽ गेल आ कोनो खतराक अनदेशा काटि बनिकऽ मोन कें देखऽ लागल। पारिजेग हमहू आगाँ बढ़िऽ चुन्नीक आगाँ ठाढ़ भय गेलौं आ कहलियैक हमर शान्त कइऽ की भेलौंया। महीस ने तऽ नोहर कक्करो खेत मे चलि गेल छलैक। मालिकक कोनो छौंड़ा बात ने तऽ कहि देलकइ अछि।

एतबो पर चुन्नी चुप रहल। खाली हमर हाथ पकरि ओही ठाम एक-पेरियाक काछ मे गोलरिक भीड़ पर कम्म सँ बैस गेल। हमहू बैस गेलहुँ। मोन हमरो भारी भऽ गेल रहै। कनीकाल हम हूनू चुप रहलहुँ, फेर चुन्नी बाजल, फुस फुसाइ-तों घर नइ जाइ। किया?—अरेखि फाड़ि कऽ आ हम माथिकऽ हम मोकरा बिस देखऽ लगलियैक। जो थोड़बहि मे मोनवला सब बात हमरा कहि देलक आ फेर कान्ह पकरि कऽ कहऽ लागल—बाबूजन, आइ दिन भरि छोटका मालिकक हरबाह-चरबाह तोरा तकैत फिरलकौ। पचीसो आदमी सँ जो तोरा विषय मे पुछलिन कहाँ गेल बलचनमा; भैया, कनीकाल तो कहीं ठाम बैस, हम दौड़ा फिरि कऽ अबैत छी फेर तोरा अपना ओहठाम ल जएबौ।

हमरा पैरक नीचा कें माटि हटऽ लागल। आँखिक आगा अन्धार घेर लेलक। हम थोक बनि गेलहुँ। हमरा ओहि हालत मे छोड़िकऽ चुन्नी दौड़ा फिरऽ लागल। ठेहुन पर कपार राखि हम गुम-सुम ओहिना बैसल रहि गेलहुँ। हमरा मोन मे किसिम-किसिम के भाव उठैत छल। एक मोन कहै छल एहन विपत्ति मे हम कहियो नहि पड़ल छलहुँ। भैया, छोटका मालिकक विषय मे ऊँच विचार तँ हमर कहियो मे रहल, मुदा आदमी एहन राकस होएत, ई तऽ सपनो मे नइ सोचद छलऊँ। एतेक काल मे चुन्नी दौड़ा फिरिकऽ पंहुचा कऽ लागल। आवाज अबैत छलै—छपर छप—छपर-छपर-छप्प।

अइ आवाज सँ हमरा किछ होश भएल आ हम सम्हरि गेलहुँ जे चुन्नी हँ सेहो पूछि ली। एखनर दिमाग किछु काज नइ कऽ रहल छल। मोन विरोक घर भऽ रहल छल।

हाथ पैर झा कऽ फुर्ती पकड़ऽ चुन्नी ऊपर पोखरीक भीड़ पर, जतऽ हम बैसल छलहुँ आएल। हमर कान्ह झोला कऽ ओ कहलक—पगलपन सँ तऽ किछ हेतइ नइ, ठंढा मन सँ सोचि विचारि कऽ आ दोस मीस सँ राय-सलाह लऽ कऽ ठीक करबाक चाही जे एहि राच्छस कें हमरा सोकनि कोना हराए करी!

चुन्नीक इ बात हमरा नीक बुझाएल। दोस्त-महीम, हित-बन्धु सोरा सब हम भेटऽ भाई? जतए अपन बुद्धि काज नहि करए ओतए हीत-मीत सँ एक लेबैक चाही। एक आदमीक बुद्धि सँ दस आदमीक मिलल-जुलल बुद्धि लाख गुना बढ़िया छैक। हमरा एहि समय मे किछु नहि सूझि रहल

छल। चारु दिस घुप्प-अन्हार बुझाइत छल। कोढ़-करेज थर-थर कंपैत छल। एहन दशा मे चुन्नी हमर सहारा भेल आ हम उठि कऽ ठाढ़ भेलहुँ। ओ कहलक—तोंहू घाट पर जो आ हाथ पैर धो आ। हाथ-पैर-मुँह धोला सँ थकान सेही हटती आ मोन सेही ठण्डुक भऽ जाएतो।

लाठी भोकरा थमा कऽ हम पोखरिक घाट दिश बढ़लहुँ। नीचा ठेहुन भरि पानि मे पैस कऽ हाथ मुँह धोलहुँ। खखारि कऽ गला साफ कएलहुँ। रगरि-रगरि कऽ घुट्टी आ पैर धोलहुँ। आँखि-नाक, कपार, कान, कनपट्टी, गरदनि, आ पाँजर पर भीजल हाथ फेरल आ बाहर निकलि अएलहुँ। चुन्नी ठाढ़ तक ठाढ़े छल। फेर हम दूनू गोटे आगाँ गामक दिस बढ़लहुँ। ओ आगाँ-आगाँ आ हम पाछाँ पाछाँ।

चुन्नी हमरा सोझि नहि आबय। मालिकक पट्टी सँ फराके-फराक गोसाँइ ओक भीड़ खेतक आरि पर भऽ डीरी अमातक घरक पछुआर दने ओ हमरा अपना पर लऽ गेलइ।

भाई, तोंहूँ सऽ देहाती के रहऽ बला छऽ। जनमे करैत छहक जे देहातक लोक सब साँझ-सबेरे खा-पी कऽ सुति रहैत छैक। बूढ़ पुरनिया तऽ राति मे यही काल तक खेपैत-खोपैत रहैत छैक वा अन्हारे मे अपन पितलाहा दिनके सोन धारि कऽ विभोर भए बतियाइत-बरबाइत रहैत छैक। दिनक मेहनति सँ चूर-चूर युवाक आ अधेड़ लोकनि बहुत पहिने सुइत रहैत छथि। खेतीक समय नइ रहल तऽ बेकारी मे सुतैत-ओंघियाइत दिन बितैत छैन्ह आ राति कऽ जल्दी नहि सुतैत छथि। लोरिक, विरहा, सहदेव आ कबीरक भजन गबैत रहैत छथि आ फेर कोनो चौपाड़ि पर पुआरक बीड़ी पर बैसि सौ इनकर लोकनि के समाकुल मलेत आ चिलम फुकैत देखबहुन। स्त्रीगण सब बेर तक जगेत रहै छथि आ तड़के उठि जाइ छथि।

चुन्नीक बाप मनियार मंडल नामूली ढंगक गृहस्थ रहथि। अपन पहिल उमिरक साल बरख तक दादाक कोनो पटकल मे मजूरी कऽ कऽ काकी कऽ पैया श्री चुन्नीक माए के पठौने रहथीन। चुन्नीक माए जिनका छोटे उमिर सऽ हम धन्नी काकी कहक अभ्यस्त भऽ गेल रही; बड़ा लछमिनिया रहैक। अपन परबलाक कमाइ सँ धीरे-धीरे ओ तीन बीघा खेत लऽ नेने रहए। आब ई लोकनि छोटका जातिबला मे हैसियत बला बुझल जाइत रहथि। थुकले जाइत रहथिन्हे नहि, हैसियती रहनि। दू महीस, एक जोड़ा बरद आ आँगन मे चारु दिस घर रहैन। कमाए-खटाए बला तीन समर्थ जवान रहैक। मजबूत काठीक दूटा कमासुत स्त्रीगण रहैक। बेर बखत पर सलाह देबाक लेल बूढ़ रहैक। लछमिनियाँ बूढ़ रहैक। हमरा अइठाम एहन परिवार के भरक-पूरल परिवार कहैत छैक।

ओइ राति कतो बिरादरी मे भोज रहैक। चुन्नीक दूनू भाई आ बुढ़क अपने बाल-बच्चा के संग लऽ कऽ पाछ गरमा गेल रहथि। मानसक झंझटि नइ रहला सँ अनी-जाइत सब परोसियाक आँगन मे गप्प लड़ाबऽ गेल रहथि दरवाजा पर महीस आ बरद बान्हल रहैक। बेठार खाली रहैक आ घर सुन्न।

एहन समय मे पैर मारिक हम दूनू ओइ आँगन मे ढुकलहुँ। चुन्नी अपना पुबरिया घरक केवाड़ खोलि कऽ कहलक—आराम करह, हम भोजनक इन्तजाम करैत छी आ तोरा माएक समाचार सेहो लऽ अबैत छी।

चुन्नी चलि गेल। हम अपन लाठी कोना मे भीतक अबलेमा सऽ ठाढ़ कऽ देलियैक। गंजी निकालि कऽ अलगनी पर टाँगि देलियैक। घोतीक फेंटा खोलि कऽ लेलहुँ आ ओछाएल सितलपाटी पर अन्हार मे पसरि रहलहुँ।

बड़ा भूख लागल रहए भाई। मुदा जे किछु भेल रहैक ताहि कारण भूख सुखा कऽ अंतरीक कोनो कोन मे घुसिया गेल छल। हमर दाइ एक बेर

कहिने रहै—बहुत जल्दी खुशी हो तहनी भूख मेटा जाइत छैक। से ओर दिन हमर भूख उड़ि गेल। हम बेर-बेर एगमर ओह अन्हार मे इएह सोची जे छोटका मालिक हँ डाँटि कऽ मोर्चा लेबऽ बिना निस्तार नहि। मात्र डाँट रहैक। हू मे हँ एन, चाहे अपना बहिन के ओह जालिम हँ हाथ कऽ दी अथवा मुंसीजक पहाड़ खुरी-खुरी माथ पर उठाली। सेसर कोनो रास्ता नहि। मोने-मोन पक्का कऽ लेलहुँ जेल चलि जायब, फाँसी चढ़ि जायब, गोली हँ उड़ि जायब मुदा एहि शैतानक आगां अपनां मे माथ नहि झुकायब। भैया हम उठि कऽ बैस रहलहुँ। काँड़ सोझ कऽ लेलहुँ। ओह शून्य अन्हार मे हम अपना मुदइक छाँह साफ-साफ देखऽ लगलहुँ। ओह राक्षस के ललकारैत हम बाजि उठलहुँ—बेशक, हम गरीब छी। तोरा संग धरन धन, कुल-खानदान बाप दादाक नाँव, जरोस-बड़ोसक जान-पहचान, आ जिला-जवार मे मान छो आ हमरा संग किछु नहि अछि। मुदा आखरी दम तक हम तोरा विरुद्ध अटल रहब। अपन सम्पूर्ण ताकति के तोरा विरोध मे लगा देब। माए आ बहिन के बिप दऽ देब किन्तु तो ओकरा लोकनि के अपन रखेली बनैबाक अपना कहियो पूर्ण नहि कऽ सकबैं.....

हम बेसल नहि रही सकलहुँ। भीतर सँ निकलि आङन मे घूमि फिर करए लगलहुँ। तो कलकताक चिड़िया घर देखने छह भैया? ओतए जाहि पिंजड़ामे शेर रहैत छैक से देखने हेबहक शेर अखन बिलबिएल रहैत छैक तऽ क्रोध सँ ओकर आँखि लाल रहैत छैकैक आ पिंजड़ा मे बन्द रहैत छैक तऽ कि करैत छैक? इएह कि अपन पिंजड़ा मे पाँच डेग एमहर आ पाँच डेग ओमहर, कहुना क्रोधक आँच के घूमि-फिर कऽ पचबैत अछि। से भैया, हमहुँ अपना क्रोधक आँच मे चुन्नीक ओह छोट-छिन आँगन मे फेरा लगा कए पचाबए लगलहुँ।

अरे, तो चक्कर लगा रहल छँ—चुन्नीक आवाज आएल तऽ हमरा ध्यान

टूटल। ओकरा एक हाथ मे रोटी रहैक आ दोसर मे कटोरा। हमरा किछु पुछबा हँ पहिने ओ बाजल—रेबनी सुति रहल छैक आ चाची (हमर माए) पड़ल अछि। हम ओकरा लोकनि के समका बुझा देलियैक अछि। तोरा विषय मे निश्चित कऽ देलियैक अछि। से पीढ़ी पर बैस जो आ खाले हम डोल कऽ टटका पानि भरि लबैत छी।

हम नहि बैसलहुँ तऽ चुन्नी हाथ पकड़ि कऽ बैसा देलक। रोटीक समहर टुकड़ी तोरि कऽ आ तरकारी कला कटोरी मे चुबाकऽ चुन्नी हमरा मुँह मे कोंचि देलक। मिरचाइ हम नेने छऽ कनी कम खाइत छी मुदा रामशिमनीक गोइ तरकारी मे बनाबऽवाली नइ जानी कतेक मिरचाइ कोंचि देने रहैक। मिरचाइक अधिक कड़ स्वाद हमर निशा के तोरि देलक। निशे कहिअइ माइ, कारण मोनक बेचैनी, दिमागक परेशानी आ भीतरक बेकली मनुष्य के सोहिना बेहोश कऽ देत छैक जेना दारू आ ताड़ी!

तऽ तरकारीक कड़ सँ हमर ध्यान टूटल, हम पुछलियैक—तो कि पढ़लह?

हम तऽ खा कऽ पोखरिक दिस गेलहुँ। छोटका महींसक मोन खराब छैक। गरदनि मे मेलैक अछि। अही वास्ते जतिया मोन मे नहि जा सकलहुँ छैक बिनके राखल छलैक। तोरा वास्ते रामचरन काकाक घर सँ रोटी लेलिअइ अछि। हमका ओहिठाम बुद्धिबाक पथ-पानि लेल सतति आगि जरिते रहैत छैक।

चुन्नी टटका पानि लऽ आएल रहै। रोटी जौ के रहैक। रामशिमनीक तरकारी आ जौ के रोटी बहुत बढ़िया लगैत छैक, मुदा ओह राति तऽ हमर भीमे उधरा गेल रहए जेना-तेना गिर कऽ भरि इच्छा पानि पीलहुँ आ बाहर जा कऽ लघी कऽ अएलहुँ। हम चुन्नी सँ बात करऽ चाहैत रही, मुदा ओकरा कोनो जरूरी काज सँ घमनटोली जएबाक रहै। ओ कहलक अखन आराम करह। भोरे हमरा लोकनि छठ्ठ आ तखन गप्प होयत।

हम बहुत कालतक गुनधुन मे पड़ल रहलहुँ। किसिम-किसिमक बात सोचैत रहलहुँ आ ओहि सोच फिकिर मे पता नइ कखन नींन आबिगेल।